



Department
of Labor

WORKING FOR YOU

DWA OU ANTANKE YON TRAVAYÈ H-2A

Si ou konnen dwa ou selon Lwa Travay federal la ak Lwa Travay Eta New York la, ou ka pwoteje tèt ou nan espas travay la. Men kèk enfòmasyon ak konsèy pou w sonje pou travayè H-2A ak lòt travayè k ap travay sou òdonans travay H-2A nan Eta New York.

TRAVAYÈ H-2A YO

Pwogram viza H-2A a pèmèt travayè etranje yo siyen kontra ak anplwayè yo epi vin Ozetazini pou travay nan fèm. Aprè kontra travay la fini, travayè H-2A yo dwe tounen nan peyi yo oswa yo ka transfere yo nan yon lòt pòs travay H2A ki apwouve. Epitou, travayè H-2A yo dwe travay sèlman:

- Pou patwon ki nan lis kontra a
- Nan kote ki endike sou kontra a
- Pou peryòd tan espesifik ki nan kontra a
- Sou aktivite rekòlt ki endike sou kontra a
- Nan to peman yo ki endike sou kontra a (pa èdtan, pa kantite elatriye.)

DEWALMAN

Chak ane, lè yo anboche ou, yo dwe ba ou yon kopi kontra travay ou a, ETA790 la, ki deklare:

- Dat kòmansman ak fen kontra a
- Kondisyon travay enpòtan yo (transpò, lojman, manje, elatriye)
- Jou travayè yo pa oblije travay (dimanch, jou ferye federal yo, elatriye)
- Orè pa jou ak jou pa semèn yon travayè sipoze travay
- Rekòlt la ak kote yo dwe travay la
- To peman pou chak travay, ki gen ladan to lè sipleman tè
- Ke patwon an ap bay e peye pou tout zouti ki nesèsè yo
- Ke patwon an ap bay asirans konpansasyon travayè pou travayè yo

DEDIKSYON YO

Dediksyon yo: Yo dwe fè travayè yo konnen tou alekri sou tout dediksyon ki pa obligatwa pa lalwa, tankou dediksyon asirans sante oswa nenpòt lòt avantaj patwon an ka bay. Lalwa entèdi yon patwon pou retire lajan nan salè travay moun yo pou depans nouvo zouti oswa zouti ki kase, pwodwi ki gate, netwayaj, transpò, lesiv, oswa nenpòt lòt depans ki gen rapò ak antrepriz la.

SALÈ AK LÈ SIPLEMAN TÈ

Yo dwe peye ou pou tout èdtan ou travay yo. Si ou touche pa pyès, ou dwe touche kantite lajan ki kòrèk la pou chak inite ki te pwodui, toutotan to peman ou a pa desann pi ba pase to èdtan ki nan kontra travay la. Yo dwe peye ou tou nan menm jou a chak semèn (oswa chak de semèn depi anplwayè a peye jiska menm jou ak jou peman an) nan to ki endike nan kontra travay ou a.

Apati 1ye janvyè 2026, ou dwe touche 1 1/2 fwa to kontra w la oswa salè minimòm leta a (kèlkeswa sa ki pi wo a) pou nenpòt èdtan ou travay plis pase 52 èdtan nan yon semèn kalandriye.

JOU REPO

Apati 1ye janvyè 2020 ou gen dwa resewa omwen yon jou (24 èdtan youn apre lòt) repo nan chak semèn kalandriye.

Ou ka dakò pou w travay volontèman pandan jou repo a depi patwon w lan peye w nan to lè sipleman tè a.

DEKLARASYON SALÈ YO

Deklarasyon salè yo: Pou chak peman, patwon yo dwe bay chak travayè yon deklarasyon salè ki montre:

- Non, adrès, ak nimewo telefòn patwon an
- Lè ou travay yo
- Lè yo te ofri
- Peman pou chak kalite rekòlt
- To peman an (pa èdtan, to pyès, to lè sipleman tè, elatriye)
- Salè total pou peryòd peman an
- Tout dediksyon nan salè yo (ak chak dediksyon make sèpareman)

GARANTI

Nan kontra travay ETA790 la, patwon-an dwe ofri yon sèten kantite èdtan travay. Menm si patwon an pa ofri kantite èdtan yo mande a, oubyen si li enposib pou respekte rès kontra a epi se pa fòt patwon an, patwon an oblije peye jiska twa ka (3/4 oubyen 75%) nan total èdtan ki reflete nan kontra a.

TRANSPÒ

Patwon w lan dwe swa ba ou osinon ranbouse transpò rezonab pou ale epi retounen kote w ap travay la ak manje chak jou pandan w ap vwayaje a, oswa ranbouse w pou depans rezonab yon fwa ou fin ranpli 50% nan kontra travay la. Yon fwa ou fin ranpli kontra travay la oubyen si patwon an pa ka respekte kontra a, patwon ou dwe bay oswa peye pou transpò retou ou nan peyi lakay ou oswa nan pwochen travay ou ak manje chak jou pandan w ap vwayaje a.

LOJMAN AK TRANSPÒ CHAK JOU

Si ou pa ka retounen nan rezidans pèmanan ou nan menm jou a, patwon-ou dwe ba ou yon lojman ki an sekirite gratis epi transpò chak jou pou ale-retou nan sit travay la gratis.

DLO POTAB

Patwon yo dwe bay travayè yo dlo potab, pwòp, fre nan yon resipyan fasil pou pote, nan sit travay la epi san okenn frè pou travayè yo.

TWALÈT YO AK ESTASYON POU LAVE MEN

Si travayè yo pral rete nan chan yo plis pase twa èdtan (ki gen ladan tan ale ak soti nan chan yo), patwon yo dwe mete disponib yon twalèt ak yon estasyon pou lave men pou chak 20 travayè. Si gen 21 travayè oswa plis, patwon an dwe bay de twalèt ak de estasyon pou lave men yo. Twalèt yo dwe toupre kote anplwaye yo travay la. Yo dwe pwòp, san ensèk nuizib, epi yo dwe gen pòt ki fèmen poukont yo epi ki ka lòk pa anndan. Dwe gen ase papyè twalèt pou tout travayè yo pantan tout jounen an. Estasyon lave men yo dwe toupre twalèt yo. Yo dwe ranpli ak dlo pwòp ak ase savon ak sèvyèt pwòp pou chak itilizasyon epi bay yon kote pou jete sèvyèt ki sèvi yo. Patwon yo dwe di anplwaye yo ki kote yo ka jwenn dlo pou bwè, sèvi ak twalèt, epi lave men yo.

KONPANSASYON TRAVAYÈ A

Patwon ou dwe ba ou asirans Konpansasyon Travayè san okenn frè pou ou. Patwon yo oblije tou kole yon afich Konpansasyon Travayè, an Angle ak an Espanyòl, ki montre non konpayi asirans yo, nimewo polis la, ak peryòd pwoteksyon an, ki byen klè nan yon zòn ki vizib pou travayè yo.

Patwon ou pa ka fè diskriminasyon kont ou paske ou mande fòmilè reklamasyon Konpansasyon Travayè.

ASIRANS ANDIKAP AK KONJE FAMILYAL PEYE

Patwon, pwopriyetè ak operatè agrikòl yo dwe bay tout travayè agrikòl yo yon kouvèti asirans envalid (DB) ak Konje Fanmi Peye (PFL) nan Eta New York. Gade [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://www.paidfamilyleave.ny.gov) pou jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon anplwaye PFL ak egzanpsyon pou pa patisipe ke patwon yo dwe bay moun ki kalifye yo. Li entèdi pou tout patwon fè diskriminasyon kont anplwaye ki mande fòmilè reklamasyon Andikap oswa Konje Fanmi Peye yo.

PERYÒD MANJE YO

Si jounen travay ou oswa peryòd travay ou a plis pase sis èdtan, ou dwe resevwa omwen yon poz repa 30 minit. Peryòd repa sa yo pa oblije peye men yo dwe bay yo. Si w ap fè yon long peryòd travay ki kòmanse anvan 11è dimaten epi ki fini apre 7è diswa, patwon ou dwe ba ou yon poz repa 20 minit anplis pou dine, ant 5–7pm, anplis poz manje midi 30 minit ant 11è dimaten ak 2zè apremidi. Yo dwe peye poz dine 20 minit la.

LÒT PWOTEKSYON YO

Patwon ou pa ka mande ou peye, ni dirèkteman ni endirèkteman, pou okenn zouti, founiti ak ekipman ki nesèsè pou fè travay ou. Menm jan an tou, ou ka pa oblije peye depans patwon an ki lye ak jwenn sètifikasyon travay H-2A a, tankou frè avoka oswa ajan patwon an, frè aplikasyon yo, oswa depans rekritman yo.

POU KESYON, ASISTANS OSWA POU KONTAKTE ANPLWAYE BILENG NAN ZÒN OU A, RELE: 877-466-9757